

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Désain Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu mikabutuh desain panalungtikan sangkan panalungtikan leuwih museur. Desain panalungtikan dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif jeung métode deskriptif. Nurutkeun Satori jeung Komariah (2014, kc. 25), panalungtikan kualitatif nya eta hiji pamekaran anu ngebrehkeun situasi sosial anu tangtu kalawan ngadeskripsikeun kanyataan sacara bener, diwangun ku kecap-kecap dumasar téhnik pangumpulan jeung analisis data anu rélevan tina situasi anu alamiah. Luyu jeung éta pamarekan, ieu panaungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Metodologi panalungtikan asal kecap tina *métodeu* jeung *logos*. *Metodeu* hartina cara anu pas pikeun ngalakukeun hiji hal, anapon *logos* hartina élmu pangaweruh. Jadi, metodologi teh nya éta cara ngalakukeun hiji hal nu ngagunakeun pikiran sacara saksama pikeun ngahontal hiji udagan.


Arikunto (2013, kc.3), nétélakeun metodé deskriptif nya éta métode panalungtikan anu nalungtik ngeunaan kaayaan, kondisi jeung hal-hal séjén anu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan. Métode déskriptif mangrupa métode anu pangsederhanana dibandingkeun métode panalungtikan séjénna, sabab dina ieu métode panalungtik teu ngalakukeun naon-naon kana objék atawa wilayah panalungtikan. Dina ieu panalungtikan maksudna panalungtik ngan saukur motrét naon anu geus kajadian dina objék panalungtikan atawa wilayah anu ditalungtik, tuluy didadarkeun naon anu geus kajadian dina wangun laporan panalungtikan sacara lugas tanpa aya manipulasi data, ngarobah jeung nambah-nambah kana objék panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sikep santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda. Satulunya desain panalungtikan ieu digambarkeun dina wangun ieu bagan :

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 3.1.
Desain Panalungtikan

3.2. Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1. Sumber Data

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta Santri Asrama Pasantrén Persis Tarogong Kecamatan Tarogong Kidul Kabupaten Garut. Santri nu jadi

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantrén Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sampel dina ieu panalungtikan nya éta 50 santri (25 tingkat tsanawiyah jeung 25 tingkat muallimien). Lian ti santri nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan, ogé aya sababaraha ustad jeung pangaping di asrama nu jadi sumber dina ieu panalungtikan (3 asatidz, 3 pangaping asrama) nu ngasuh di eta pondok.

3.2.2. Lokasi Panalungtikan

Tempat panalungtikan dilakukeun di Asrama Santri Putra Pasantren Persis Tarogong. Perenahna aya di Jalan Terusan Pembangunan Nomor 1 RT 01 RW 04 Rancabogo Kecamatan Tarogong Kidul Kabupaten Garut. Pasantren Persis Tarogong mimiti ngadeg taun 1960 ku Alm. Ustad Memen Abdurrahman nu ngabangun jeung ngawaqafkeun Pasantren Attaqwa di Rancabogo. Nepi taun 1978, Pasantren Persis Tarogong ngayakeun pendidikan pikeun tingkat Ibtidaiyah., Takjijiyah jeung Tsanawiyah nu jumlah santrina aya 667, kaasup santri putri nu mondok di asrama 76 jalmi, jeung santri putra 36 jalmi. Taun 1980, Ustad Syihabuddin ngajukeun surat permohonan ka Pimpinan Persis Garut, hanjakal surat nu diajukeun teu dicumponan. Tapi Alhamdulillah ku ayana bantuan ti Kerajaan Arab, ieu Pasantren ngadegkeun hiji komplék di Rancabogo nu satuluyna diresmikeun jadi Pasantren Persis Garut Cabang II nu diasuh ku Ust. Syihabuddin Ahmad jeung Ust. Aminah Dahlan. Nepi ka ayeuna di asuh ku Ust. Iqbal Santoso putrana Ust. Syihabuddin jeung Ibu Aminah Dahlan nu katelah jadi Pasantren Persis 76 Tarogong Garut.

3.3. Instrumen Pangumpul Data

Instrumen panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah anu ditalungtik. Instrumen data ieu panalungtikan nya éta :

- a. Alat Rekam

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina ieu panalungtikan, alat rekam nu digunakeun nya éta *handphone*. *Handphone* digunakeun pikeun ngarekam wawancara santri sanggeus ngaregepkeun biantara, pikeun ngadokumentasikeun panalungtikan nu dilakukeun panalungtik di Asrama Putra Persis Tarogong Garut, ogé pikeun informasi sejen nu pakait jeung panalungtikan.

b. Angkét/kertas angkét

Angket ditujukeun pikeun santri Asrama Putra Pesantren Persis Tarogong Garut. Pertélaan anu diajukeun nya éta 30 (tilu puluh) soal nu nyoko kana tilu aspék sikep basa diantaranya kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran ayana norma kabasaan. Angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta angkét tertutup.

Tabél 3.1.
Kisi-Kisi Angkét

No	Komponén	Sub. Komponén	No Soal
1.	Kasatiaan basa	Tarékah ngagunakeun basa indung sapopoé.	No.4A (1-10)
2.	Kareueus basa	Basa salaku lambang idéntitas hiji étnik	No.4B (1-10)
3.	Kasadaran ayana norma	Pentingna tetekon basa dina komunikasi	No.4C (1-10)
4.	Kognitif	Dipaluruh jeung aféktif, konatif	No.2 jeung 3
5.	Aféktif	Sikep ngagunakeun basa	No. 2, 3, 4.
6.	Konatif	Dipaluruh sacara laku lampah sapopoe	No.2 jeung 3.

3.4. Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik nu dilakukeun dina ieu panalungtikan téh kabagi kana téknik ngumpulkeun data jeung teknik ngolah data. Ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji hal anu kudu dilakukeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Téknik nu merenah pikeun ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun teknik obsérvasi jeung

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tékhnik angkét. Dina hiji panalungtikan, panalungtik kudu milu ilubiung dina kagiatanna sangkan ngagampangkeun dina ngumpulkeun data ogé kudu ngagunakeun telaah pustaka pikeun ngukuhan hiji panalungtikan.

1. Téhnik Observasi

Nasution dina Sugiyono (2014, kc. 310), nétélakeun yén obsérvasi dasar tina sakabéh élmu pangaweruh. Ku kituna dina ieu panalungtikan téknik obsérvasi anu dilakukeun nya éta ilubiung dina kagiatan santri Asrama Putra Persis Tarogong Garut antukna panalungtik bisa ngarasakeun pamakéan basa boh nalika kagiatan caramah ogé kagiatan séjénna.

Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, saméméhna nataharkeun heula sagala rupa pikeun meunangkeun data ku cara obsérvasi. Langkah-langkahna, seperti ieu di handap :

- a. Ngalakukeun survéy ka Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut;
- b. Ngajentrekeun maksud jeung tujuan panalungtikan ka responden;
- c. Ngadokuméntasikeun; jeung
- d. Nyadiakeun instrumén kaasup pedoman wawancara pikeun meunangkeun data.

2. Teknik angkét

Kuisisionér atawa angkét mangrupa teknik ngumpulkeun data anu dilakukeun ku cara méré sababaraha patalékan atawa pertélaan dina wangun tinulis ka réspodén pikeun dijawab (Sugiyono, 2014, kc. 199). Angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta angkét tertutup, sabab dina ieu panalungtikan réspodén ngajawab patalékan ku cara nandaan nu dianggap bener, atawa nangtukeun sikep ngaliwatan opsi anu disadiakeun. Angkét disebarkeun ngaliwatan kartu soal anu dibagikeun ka santri Pasantren Persis Tarogong Garut. Anapon langkah-langkahna, seperti ieu dihandap :

- a. Nyieun patalékan jeung pertélaan nu aya patalina jeung panalungtikan pikeun meunangkeun data;
- b. Nerangkeun maksud jeung tujuan ka responden;
- c. Mere angket pikeun meunangkeun data;;
- d. Ngaapresiasi responden; jeung

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sociolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

e. Méré tawis nuhun.

3. Teknik wawancara

Wawancara digunakeun minangka téknik ngumpulkeun data lamun panalungtik hayang ngalakukeun studi pikeun meunangkeun pasualan anu kudu ditalungtik, jeung lamun panalungtik hayang mikanyaho responden nu leuwih jero jeung jumlah respondénna saeutik (Sugiyono, 2014, kc. 194). Wawancara dilakukeun ka sababaraha santri jeung asatidz di Asrama Putra Persis Tarogong Garut. Langkah-langkah téknik wawancara pikeun meunangkeun data, seperti ieu dihandap :

- a. Nyiapkeun patalékan nu rék dipaluruh pikeun meunangkeun data;
- b. Nerangkeun maksud jeung tujuan ka respondén;
- c. Ngawawancara respondén.
- d. Ngaaprésiasi responden; jeung
- e. Méré tawis nuhun.

Tabél 3.2
Kisi-Kisi Wawancara

No	Komponén	Sub. Komponén	No Soal
1.	Kasatiaan basa	Tarékah ngagunakeun basa indung sapopoé.	Bagian A
2.	Kareueus basa	Basa salaku lambang idéntitas hiji étnik	Bagian B
3.	Kasadaran ayana norma	Pentingna tetekon basa dina komunikasi	Bagian C
4.	Kognitif	Dipaluruh jeung aféktif, konatif	Bagian C

3.5. Analisis Data

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Data hasil tina panalungtikan anu geus dikumpulkeun satuluyna dianalisis. Anapon langkah-langkahna dilaksanakeun pikeun nganalisis data jeung ngolah data, seperti ieu dihandap :

1. Niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
2. Nyatet sakabéh hasil angkét;
3. Ngayakeun transkrip data;
4. Nyieun papasingan data dumasar kana bagian perbagian tina pedoman angkét ngeunaan sikep basa Santri Asrama Putra Pesantrén Persis Tarogong Garut;
5. Nganalisis data jeung ngadéskripsikeun data dumasar kana rumusan masalah;
6. Nafsirkeun data; jeung
7. Nyieun kacindekan tina panalungtikan nu dilaksanakeun.

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantrén Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu